

ÈSKE OU SE YON LOKATÈ ENKYETE W SOU LOJMAN OU APRÈ SIKLÒN LAN?

APATMAN MWEN RETE A BEZWEN REPARASYON APRÈ SIKLÒN LAN. KISA POU MWEN FÈ?

Premyèman, ou ta dwe rele mèt kay la pou fè l konnen sa ki bezwen repare nan apatman an. Pran foto ak videyo tou sa ki domaje pou ou ka dokimante evènman ki te pase a. Si reparasyon yo pa ka fèt rapidman oubyen mèt kay la refize fè reparasyon yo, ou dwe voye youn lèt bay mèt kay la pou eksplike l pwem pa pwem sa ki bezwen ranje epi di l ou pa p peye lwaye mwa Oktòb la si li pa fè reparasyon yo nan 7 jou . Demand sa a dwe fèt alekri. Ou pa ka fè l nan telefòn. Ou ka poste yon lèt, voye yon imèl oubyen yon tèks. Kèlkeswa dokiman ou bay mèt kay la, chache mwayen pou ou gen yon kopi. Si lwaye kay la bout 1ye nan mwa a, nou mande ou pou fè demand lan pa pita ke vandredi, 22 septanm, men ou ka toujou voye lèt la nenpòt ki lè anvan lwaye a bout.

E SI 1YE OKTÒB RIVE EPI MÈT KAY LA PA FÈ OKENN REPARASYON?

Si ou te bay mèt kay la yon notis alekri dapre infòmasyon ki dekri nan kesyon nimewo 1 an, pa peye mèt kay la kòb lwaye a. Okontrè, ou dwe sere kòb lwaye a. Si ou voye youn notis alekri, ou pral resewva yon preyavi pou ou degèpi paske ou pa peye lwaye a. Ou pral oblije depoze kòb lwaye a nan tribinal si mèt kay la depoze yon konplent nan tribinal pou yo degèpi ou. Si ou pa sere kòb lwaye a, ou gen chans pou yo degèpi ou epi ou pa p jwen yon randevou nan tribinal oubyen yon mwayen pou ou pale ak yon jij.

ÈSKE MWEN KA FÈ REPARASYON YO EPI RETIRE FRÈ DEPANS YO NAN PRI LWAYE A?

Non. Ou kapab fè sa sèlman si mèt kay la dakò ak demand lan, swa nan kontra lwaye a oubyen nan yon kontra separe. Si mèt kay la di ou ka itilize kòb lwaye a pou ou peye pou reparasyon yo, chache mwayen pou mèt kay la ba ou konsantman l alekri. Pou ou pa gen pwoblem pi devan, fè mèt kay la ba ou yon imèl oubyen tèks pou konfime konsantman l sou demand ou te fè-a.

KOTE MWEN RETE A PA ABITAB APRÈ SIKLÒN LAN. KISA MWEN KA FÈ?

Si ou gen yon lòt kote ou ka ale, ou ka di mèt kay la ou ap soti paske kote ou rete a pa abitab. Fè sa alekri epi pran foto. Ou pa pral responsab pou ou peye okenn kòb lwaye ki nan kontra kay la. Si se sèlman yon pati nan kay la ki pa abitab, ou gen dwa retire tout bagay ki nan pati ki pa abitab la mete yo yon lòt kote nan kay la epi diminye pati sa nan kòb lwaye a.

MWEN PA GEN KOURAN. ÈSKE MWEN DWE PEYE LWAYE?

Wi. Nan pifò ka, se FPL ki oblije ranje fil elektrik yo e bay kouran. Si ou panse mèt kay la te lakòz yo pran kouran an oubyen gen pwoblèm konstriksyon nan kay la ki anpeche kouran an ranje, ou ta dwe konsilte yon avoka.

**MWEN PA T KAPAB TRAVAY PANDAN TANPÈT LA E MWEN PA T TOUCHE.
MWEN PA GEN LAJAN POU PEYE LWAYE MWA OKTÒB LA. KISA POU MWEN FÈ?**

Premyèman, ou ta dwe pale ak mèt kay la epi wè si li ta vle ba ou tan pou ou peye lwaye a. Si sa pa mache, ou ta dwe kontakte pwogram HAND lan nan 1-877-994-4357 pou wè si ou kalifye pou asistans lokasyon (nan Komin Miami-Dade sèlman). Malerezman, si akòz siklòn lan ou pedi nan lajan ou konn touche, sa pa kapab mete ou nan kondisyon pou yo depoze yon konplent nan tribinal pou yo degèpi ou paske ou pa peye lwaye. Si ou resevwa nenpòt papye degèpisman, ou ta dwe kontakte Legal Services pou konsèy.

**TOUT BAGAY MWEN TE DETWI LÈ DO KAY KOTE
MWEN LWE A TONBE - KI ÈD MWEN KA JWENN?**

Si ou pa gen asirans kòm lokatè epi ou pa kouvri anba kontra asirans mèt kay la, ou ka anmezi pou jwenn lajan nan Individual and Household Program (IHP) ki sou kontròl FEMA pou ranplase sa ki nesèsè nan bagay ou te posede tankou rad, bagay pou kay, mèb ak aparèy yo. Ou ka aplike pou benefis sa yo atravè FEMA nan nimewo 1-800-621-3362 (soudè/bèbè ka rele nan 1-800-462-7585). Ou ka aplike tou sou entènèt nan <https://www.fema.gov/apply-assistance>

**MÈT KAY LA TE DI M POU M DEPLASE KITE KAY LA NAN DEMEN PASKE LI VLE
APATMAN AN POU PITIT FI L KI TE PÈDI KAY PA L PANDAN SIKLÒN LAN, EPITOU LI TE DI
M SI MWEN PA T SÒTI, LI T AP CHANJE KADNA YO - ÈSKE MWEN DWE DEPLASE?**

Lwa Florid la pa pèmèt yon mèt kay fèmen ou deyò oubyen dekonekte dlo ak kouran oubyen sèvi ak system "ede pwòp tèt ou" pou fè ou kite kay la. Mèt kay la dwe depoze yon konplent pou degèpisman ou nan tribinal epi, lè sa a, ou gen sèlman pou deplase apre jij la bay lòd pou Sherif la fè ou degèpi. Anvan pou yo depoze yon konplent degèpisman, mèt kay la dwe premyèman ba ou kèk notis alekri ki di ou pou deplase. Si ou resevwa nimpòt papye degèpisman, ou ta dwe kontakte Legal Services pou konsèy. Si mèt kay la fèmen ou deyò oubyen fòse ou soti, rele lapolis epi kontakte Legal Services. Ou ka gen yon reklamasyon pou domaj ki egal a twa fwa kòb lwaye ou peye chak mwa a.



**SI W BEZWEN ÈD LETA NAN KOMIN MONROE OUBYEN
MIAMI-DADE, KONTAKTE LEGAL SERVICES OF
GREATER MIAMI, INC. POU APLIKE POU ÈD LETA SOU
ENTÈNÈT, VIZITE WWW.LEGALSERVICESMIAMI.ORG
EPITOU KLIKE SOU FRAZ SA-A "GET HELP" OUBYEN
RELE NOU NAN: 305-576-0080.**